



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : **A-663**
Paj : 1 - 1
Pibliye : 13 SEP 2005

REZIME MODIFIKASYON

Règleman sa a ranplase A-432 ki date 5 Septanm 2000. Li defini estanda ak pwosedi pou yo fouye elèv endividyèlman e avèk detektè metal.

Modifikasyon:

- Yo mete ajou enfòmasyon pou kontak yo.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : A-663
Paj : 1 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-432 a ki date 5 septanm 2000. Elèv gen yon dwa konstitisyonèl pou yo pa soumèt yo a fouy ak sezi ki pa rezonab. Yo kapab fouye kò yon elèv ak sa li posede yo si responsab lekòl yo gen bon rezon pou yo sispèk fouy la pral founi prèv elèv lan te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl yo oswa toude. Etandi ak pòte fouy lan dwe gen rapò rezonab avèk objektif fouy lan e yo pa dwe pouse yo twò lwen parapò a laj ak sèks elèv lan e kalite fot li komèt la. Fouy yo dwe fèt avèk respè pou vi prive moun lan ak konsiderasyon pou diyite l. Sa ki ekri pi ba a defini pwosedi yo dwe swiv lè y ap fouye elèv yo, byen yo oubyen amwa yo oswa toude.

I. FOUY

Fouy ki fèt sou kò elèv yo, sou byen yo ak amwa yo ak sa ki fèt ak detektè metal, se Ajan sekrite lekòl yo *School Safety Agent* (SSA) ki dwe fè yo sou demann direktè a oubyen yon moun ki deziyen jan li ekri pi ba a:

A. Fouy Elèv ak Byen yo (tankou sak lekòl, rad)

1. Si gen yon sispisyon valab ki ta fè kwè yon elèv te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl yo, yo dwe avèti direktè a oswa moun li deziyen an. Si yo detèmine yon fouy jistifye, direktè a oswa moun li deziyen an ap bay SSA a lòd pou li kondwi elèv la yon kote direktè a oswa moun li deziyen an endike. Anka ta gen ijans, refere w a paragraf I.A.7.
2. Yon fwa elèv lan rive nan kote sa a, direktè a oswa moun li deziyen an ap avize elèv lan direktè a oswa moun li deziyen an gen bon rezon pou li panse elèv la te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl yo.
3. Direktè a oswa moun li deziyen an fèt pou li prezan pandan fouy elèv la ap fèt, sòf si yo nan sitiyasyon yo dekri nan paragraf I.A.7. pi ba a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : A-663
Paj : 2 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

4. Anvan yo fè yon fouy, direktè a oswa moun li deziyen an ap mande elèv la si elèv la gen nan men l yon bagay li pa gen dwa genyen anndan lekòl lan. Si elèv la rekonèt li posede atik pwoyibe, direktè a oswa moun li deziyen an ap mande elèv la retire atik sa yo sou li oubyen nan sa li pote avèk li yo.
5. Si elèv la refize retire atik la oubyen li deklare li pa gen atik pwoyibe sou li, direktè a ap pase SSA a lòd pou l fouye elèv la. Otank posib, si fouy la mande kontak ak elèv la, se yon SSA menm sèks ak elèv la ki pou fè fouy la.
6. Si SSA k ap fè fouy la jwenn yon objè li panse ki ka yon prèv elèv la vyole yon lwa oubyen yon règ oswa yon règleman lekòl la, SSA a ap mande elèv la retire objè a. Si elèv la refize retire objè a, SSA a ap retire l.
7. Si ta gen yon ijans ki mande yon entèvansyon imedya pou pwoteje sekirite kominote anndan lekòl la oubyen sekirite nenpòt endividi, SSA a kapab fouye elèv la akondisyon SSA a gen bon rezon pou li sispèk elèv la te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl yo. Yon fwa yo metrize sitiyasyon ijans lan, SSA a ap mennen elèv la imedyatman bay direktè a oubyen moun ki deziyen an e l ap pote rapò bay direktè a oubyen moun ki deziyen an sou sitiyasyon an.
8. Kelkeswa sikonstans yo, yo pa gen dwa dezabiye elèv la pou yo fouye l.

B. Fouy Amwa

1. Amwa lekòl yo se pwopriyete Depatman Edikasyon, menm lè yo asiye yo bay elèv yo. Yo kapab fouye amwa yo si gen bon rezon pou yo sispèk amwa yo gen prèv ladan yo elèv la te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl la oswa toude.
2. Si gen bon rezon pou sispèk amwa yon elèv gen atik pwoyibe, direktè a oubyen moun ki deziyen an fèt pou l avèti. Si direktè a oswa moun ki deziyen an detèmine fouy la jistifye, l ap pase SSA a oubyen yon lòt anplwaye apwopriye lòd pou l fouye amwa a.
3. Direktè a oswa moun ki deziyen an dwe prezan pandan fouy amwa a ap fèt, sòf si se nan kondisyon yo endike nan paragaf II.B.4. pi ba a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : A-663
Paj : 3 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

4. Anka yon ijans ki ta mande yon entèkansyon imedyà pou pwoteje sekirite kominote anndan lekòl la oubyen sa nenpòt endividi, SSA a kapab fouye amwa elèv la akondisyon SSA a gen bon rezon pou li sispèk amwa elèv la gen prè elèv la te vyole oubyen ap vyole lalwa oubyen règ ak règleman lekòl yo. Yon fwa yo metrize sitiyasyon an, SSA a ap pote rapò sou sitiyasyon an bay direktè a oubyen moun ki deziyen an imedyatman.

II FOUY AK DETEKTÈ METAL

A. Jeneralite

1. Objektif yon pasaj nan detektè metal se anpeche zam oswa lòt atik pwoyibe antre anndan lekòl yo. Nan toutan, degre ak nati foy lan pa dwe depase sa ki nesèsè pou pèmèt pèsònèl la libere responsabiltè l.
2. Direktè a oswa moun ki deziyen an dwe la pou obsève pasaj elèv yo nan detektè a. Si gen plis pase yon sit pou pasaj nan detektè, direktè ap plase moun ki deziyen yo pou asire yo gen yon kowòdinasyon kòrèk pwosedi pasaj nan detektè ak lòt aktivite ki swiv yo.
3. Yo pral refere moun ki ta refize kowopere nan pasaj nan detektè a, bay direktè a oswa moun ki deziyen an pou aksyon apwopriye. Kèlkeswa sikonstans yo, yo pa dwe refize admèt yon elèv ki refize kowopere oubyen voye l tounen lakay li.
4. Si yon elèv ki ansent oubyen ki pa dwe pase nan detektè a pou rezon medikal pa vle pase nan detektè metal la, yo dwe voye l nan biwo direktè a. Lè sa a direktè a ap avize SSA a sou kòman pou l pwosede.
5. Pa gen anyen nan pwosedi ki defini pi ba yo ki kapab limite otorite yon direktè oswa moun li deziyen an oubyen yon SSA pou li fouye yon endividi oubyen sa ki an posesyon endividi a lè gen bon rezon pou yo panse yon endividi an patikilye an posesyon yon zam oswa nenpòt lòt atik pwoyibe.

B. Itilizasyon Detektè Manyèl

1. Yo kapab pase nenpòt elèv ki antre nan bilding lekòl lan nan detektè. Sepandan, lè sa nesèsè, direktè a kapab deside pa pase tout moun nan detektè. Nan ka sa yo, direktè a, an konsiltasyon ak yon sipèvizè SSA, ap defini pwopòsyon moun pou yo pase nan detektè o aza.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : A-663
Paj : 4 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

2. Kèlkeswa siskonstans yo, responsab lekòl yo oubyen SSA yo pa dwe seleksyone youn oswa plizyè endividi an patikilye pou yo pase nan detektè sòf si ta gen bon rezon pou sispèk endividi sa a oubyen sa yo an posesyon yon zam oubyen yon atik pwoyibe oswa toude.
3. Direktè a oswa moun ki deziyen an, dwe make tout chanjman nan rasyo moun yo pase nan detektè a ak eksepsyon nan rasyo ki tabli a. Antre sa a nan liv lan, dwe endike moun ki otorize chanjman an oubyen eksepsyon an ansanm ak dat la, lè a ak rezon pou chanjman an.
4. Otank posib SSA ki menm sèks ak endividi ki bezwen antre nan bilding lan dwe pase yon moun nan detektè pou chache zam la,
5. Yo dwe fè efò rezonab nan premye etap pwosesis pasaj nan detektè a pou evite kontak fizik SSA a oubyen ekipman deteksyon an avèk endividi k ap pase ladann lan.
6. SSA k ap kondwi pasaj nan detektè a ap salye endividi ki gen pou l pase ladann lan, eksplike l byen pwosesis la, reponn kesyon epi bay enstriksyon apwopriye.
7. Anvan pasaj nan detektè a, SSA a pral mande endividi yo retire objè metalik nan pòch yo e pou yo mete yo nan yon plato. Plato sa a ap rete la pou tout moun wè l e y ap remèt sa ki ladann lan touswit apre yo fini ak pwosesis lan.
8. SSA a pral pwosede jan nou make li la a:
 - a. SSA a ap kanpe adwat endividi yo pral pase nan detektè a. Deteksyon an ap kòmanse nan zòn zepòl dwat la pou l desann nan bò gòch lan ale nan pye.
 - b. SSA a ap pase dèyè endividi a e l ap pase detektè a sou bò dwat la soti nan pye ale nan tèt.
 - c. Apre sa, SSA a ap pase detektè a sou do endividi a soti nan tèt ale nan pye.
 - d. Pandan SSA a ap vire sou bò gòch la, SSA a ap pase detektè a soti nan pye ale nan tèt e l ap pase l sou tèt li lè l soti nan do a.



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : A-663
Paj : 5 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

- e. Apre sa, SSA a ap pase detektè a sou bò gòch endividi a soti nan bò gòch pwatrin li ale nan pye.
- f. Y ap pase tout pake oswa sak nan detektè manyèl oubyen nan aparèy deteksyon pou pake ki sèvi ak reyon x.

C. Repons Anka Detektè Metal la Aktive

1. Si aparèy deteksyon pake ak reyon x lan montre yon imaj ki sispèk oubyen si detektè manyèl lan aktive pandan pasaj yon sak oswa yon pake ladann, y ap avize mèt li. Si nesesè, SSA a kapab manyen pati eksteryè sak lan oubyen pake a. Si SSA a gen bon rezon pou l sispèk sak la oswa pake a gen atik pwoyibe ladann, SSA a kapab ouvri sak la oubyen pake a. Sinon, SSA ap mande mèt li louvri sak la oubyen pake a. Lè sa a, SSA a ap ekzamine sa ki gen ladann pou wè si gen atik pwoyibe. Si atik ki nan sak la oswa pake a gen pou yo deplase pou yo ka wè pi byen, SSA a pral sèvi avèk yon baton pou l fè sa.
2. Si detektè metal manyèl lan aktive sou yon moun e rezon ki fè sa a pa aparant (tankou bijou), SSA k ap kondwi operasyon an ap mande endividi a pou l retire nenpòt lòt objè metalik ki rete sou li e l ap fè yon dezyèm pasaj. Si detektè a aktive ankò, direktè a oubyen moun ki deziyen an ap mande SSA a eskòte endividi a nan yon kote apa e y ap fè yon fouy selon pwosedi yo defini pi ba yo.

D. Pwosedi Fouy

1. Fouy la dwe fèt avèk prezans e anba sipèvizyon direktè a oswa moun ki deziyen an.
2. Anvan yo fè fouy la, direktè a oubyen moun ki deziyen an pral mande endividi a ankò pou li retire nenpòt lòt objè metalik ki ta rete sou li. Si endividi a refize retire objè yo, y ap fouye l jan yo di l la a.
3. Fouy la ap fèt sèlman nan pati kò a ki te aktive detektè metal la. Fouy la ap kòmanse avèk manyen rad eksteryè endividi a nan zòn pòch, sentiwon, zepòl ak lòt kote byen presi, sèlman pou dekouvri atik ki ta kapab aktive aparèy deteksyon metal la.
4. Si SSA k ap fè fouy la santi yon objè ki ta kapab aktive aparèy deteksyon metal la, e SSA a gen bon rezon pou l panse objè a kapab pwoyibe, SSA



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : **A-663**
Paj : 6 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

a ap retire objè a. Sinon, SSA a ap mande endividi a retire objè a. Si moun lan refize retire objè a, SSA a ap retire l.

5. Si objè endividi a remèt volontèman oubyen sa yo retire sou endividi a ta kapab aktive detektè metal la, e si yo detèmine objè sa a te vreman aktive alam lan, SSA a dwe sispann fouy la. Answit SSA a ap pase detektè a ankò e fouy la ap kontinye sèlman si detektè metal la aktive ankò.

E. Itilizasyon Detektè ou Pase Atravè yo

Y ap sèvi ak pwosedi sa yo pou detektè ou pase atravè yo:

1. **Faz I:** Deteksyon Primè nan Pasaj Apye
2. SSA a pral mande endividi yo retire objè metalik nan pòch yo pou yo mete atik sa yo nan sak lekòl yo oubyen yon lòt kote yo deziyen tankou yon plato.
 - a. Y ap pase sak yo oubyen pake yo nan yon aparèy reyon x ki sanble sa k gen nan ayewopò yo. Yon fwa sak la oubyen pake a pase nan aparèy reyon x lan, endividi a ap mache pase atravè yon detektè.
 - b. SSA yo pral obsève endikatè nivo metal detektè ou pase atravè l lan pandan chak endividi ap pase atravè li.
 - c. Endikatè nivo a anrejistre vizyèlman kantite metal ki sou endividi k ap mache atravè detektè a nan pwen e moman sa a.
 - d. Endikatè nivo an gen gam koulè sa a:
 - Limyè Vèt - Kantite metal fèb.
 - Limyè Jòn - Kantite metal mwayen
 - Limyè Wouj - Gwo kantite metal.
 - e. Yon endikatè alam wouj oubyen yon son alam oswa toude ap aktive lè endividi a gen yon kantite metal ki plis pase nòm kantite metal akseptab lan. Lè yon alam aktive, endividi k ap pase atravè aparèy la ap gen pou li sibi lòt pasaj nan aparèy la oswa fouy e y ap dirije l vè yon estasyon segondè Detektè Metal (Faz II).



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : **A-663**
Paj : 7 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

3. **Faz II:** Deteksyon Segondè nan Pasaj Apye

Anvan yo voye endividi a pase apye atravè estasyon segondè a, SSA a ap mande endividi a verifye ankò si li pa genyen lòt atik metalik sou li e pou li plase atik sa a oubyen sa yo nan yon plato lè yon machin reyon x pa disponib.

- a. SSA a ap enspekte atik metalik sa yo manyèlman pou asire l pa gen atik pwoyibe.
- b. Lè yon machin reyon x tankou sa ki gen nan ayewopò yo disponib, SSA a ap mande tout endividi pou yo plase nenpòt lòt atik metalik nan sak lekòl yo oubyen yon kote yo deziyen tankou yon plato. SSA a ap pase sa ki gen anndan sak lan nan aparèy reyon x ankò.
- c. Si endividi a deklanche endikatè alam wouj lan oubyen son alam lan oswa toude, y ap pase detektè manyèl sou li jan yo endike l nan II.B. anlè a.

F. Dekouvèt Atik Pwoyibe (Zam, Dwòg, elatriye)

1. Lè yo jwenn yon elèv an posesyon atik ilegal, yo dwe swiv pwosedi apwopriye yo pou yo avèti lapolis e pou yo arete elèv la. (Konsilte Règleman Chanselye A-412 lan).
2. Lè lapolis arete yon elèv pou posesyon atik ilegal oubyen lè yo jwenn atik ilegal sou teren lekòl lan, lapolis ap pran posesyon yo e fè resi pou yo.
3. Responsab lekòl yo dwe mande kopi resi lapolis vil Nouyòk la (*property clerk's invoice*).
4. Si lapolis pa pran posesyon atik pwoyibe yo dekouvri sou teren lekòl lan, pwosedi ki pi ba yo pral aplike:
 - a. Direktè a oubyen moun ki deziyen an dwe fè yon resi pou atik la avèk yon fòm ak yon anvlop *DOE voucher form*. Tout enfòmasyon yo mande yo dwe sou fòm lan.
 - b. Direktè a oubyen moun ki deziyen an dwe avèti imedyatman Divizyon sekirite elèv ak sèvis prevansyon BOE a *Division of Student Safety and Prevention Services (DSS&PS)*, ki pral òganize l pou Divizyon sekirite



Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO
Osijè : FOUYE & SEZI

Nimewo : **A-663**
Paj : 8 - 6
Pibliye : 13 SEP 2005

eskolè vil Nouyòk lan *NYPD School Safety Division* vin pran atik pwoyibe yo. Yo dwe kenbe zam yo yon kote ki gen sekirite jistan yo remèt yo bay Divizyon sekirite eskolè vil Nouyòk lan pou yo ale avèk yo.

- c. Lè Depatman lapolis vil Nouyòk lan rive pou l pran atik pwoyibe yo, direktè a oubyen moun ki deziyen an dwe remèt atik pwoyibe a ak resi a nan yon anvlòp sele pou resi.
- d. Si yon lekòl bezwen atik pwoyibe yo kòm prèv nan yon odyans sispansyon superintendent lan, direktè a oswa moun ki deziyen an dwe kontakte DSS&PS, ki li menm ap fè aranjman ki nesèsè yo.

III REMIZ POSESYON

Yo dwe remèt apre foy la fini tout sa yon endividi posede ke yo te retire sou li e ki pa pwoyibe selon Règleman Chanselye yo oubyen ki pa konstitiye yon prèv zak kriminel..

IV REKÈT

Yo dwe voye rekèt ki gen pou wè ak règleman sa a nan Biwo entèvansyon ak devlopman eskolè :

Telefòn
212-374-5090

*Office of School Intervention and
Development*
NYC Department of Education
52 Chambers Street
New York, NY 10007

Faks
212-374-5598